ISSN: 2181-3906 2025

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 4 / ISSUE 4 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# PUQARALIQ JÁMIYETIN RAWAJLANDIRIWDA SHAXS RUWXIY JETIKLIGINIŃ ORNI HÁM ÁHMIYET

**Ulmeken Eldashbayeva Dauletbayevna**

Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı 1-basqısh magistrant.

***https://doi.org/10.5281/zenodo.15164533***

***Annotaciya.*** *Teziste Puqaralıq jámiyetin rawajlandırıwda shaxs ruwxıy jetikliginiń ornı hám áhmiyeti haqqında pikir júrgiziledi.*

***Gilt sózler:*** *Puqara, puqaralıq, puqaralıq jámiyet, shaxs, ruwxıy jetiklik, ádep ikramlıq, pazıl jámiyet.*

Puqaralıq jámiyeti – ózin ózi rawajlandırıwshı hám ózin ózi basqarıwshı struktura.

Individler hár qıylı shólkemlerge birlesip, bir-biri menen hár túrli qatnasıqlar ornatıp, ózleriniń bazıda qarama-qarsı máplerin júzege shıǵarıp, jámiyette siyasiy hákimiyat kúshine iye bolǵan mámlekettiń aralasıwısız uyǵınlıqta hám izbe iz rawajlanıwın támiynleydi.

Mámleketimizde puqaralıq jámiyetin qurıw hám rawajlandırıwda búgingi kúnde shaxs ruwxıy jetikliginiń hám onıń tiykarların qáliplestiriwshi ruwxıy faktorlar áhmiyetli orın iyeleydi.

Sebebi búgingi kúni xalqımızǵa ázelden tán bolǵan awızbirshilik hám bawırıkeńlik, mehir-aqıbet, miymandoslıq hám qayır saqawat sıyaqlı insanıy pazıyletler jánede jarqın kórinbekte hám bunday ruwxıy sharayat adamlardıń ruwxı hám keypiyatına unamlı tásir qılmaqta. Shaxs ruwxıy jetikligi arzıw-ármanlar, maqset-wazıypalar hám ádep ikramlıq pazıyletlerdi ózlestiriw ushın baǵdarlaw ushın insanlardıń ruwxı, aqılı hám keypiyatın jetilistiredi.

Jámiyettiń ruwxıy-ádep ikramlıq sharayatına ruwxıy jetik shaxslardıń tásiri boyınsha bir neshe social-ádep ikramlıq tájiriybelerdi gúzetiw múmkin. Bul boyınsha Abu Nasır Farabiy (873-950) hám Immanuil Kanttıń (1724-1804) usı máselege tiyisli koncepciyalarına toqtap ótemiz.

Farabiydi jámiyettiń ádep ikramlıq sharayatı júdá kóp qızıqtırǵan. Ol bul boyınsha Baxıtqa erisiwdi (‖as-saodat‖) eń tiykarǵı ádep ikramlıq jetiskenligi sıpatında tańlaydı hám tiykarǵı itibardı insannıń ruwxıy tárepten qáliplesip, pazıl, yaǵnıy pazıyletli insan dárejesine jetkiziwge qaratadı.[1]

[1] Абу Наср Фарабий. Фазилат, бахт-соадат ва камолот ҳақида. Т. —Ёзувчи‖, 2001, 12-б

Ol názerde tutqan jámiyet pazıyletli insanlar birlespesi hám sol sebepli bunday jámiyet —pazıl jámiyet dep ataladı. Farabiydiń pikirinshe ruwxıy jetilisken shaxs —baxıtqa erisiwdiń birden bir jolı unamlı islerdi jaqsı niyetler menen orınlaw hám pazıyletli ámellerge súyeniw menen unamsız hám baxıtsızlıq kelip shıǵıwı múmkin bolǵan islerden ozin tıya

biliwi dep esaplaǵan.[2] Demek, jaqsılıqtı maqset dep biliw, insanda jaqsı niyet hám jaqsı isler qılıw pazıyletin qáliplestiredi. Jaqsı niyet, jaqsı háreket hám jaqsı ámel jamanlıq hám baxıtsızlıqtı artqa shegindiredi. Farabiydiń pikirinshe, —jaqsılıqtı ańlaw belsendi aqıl járdeminde, jaqsılıqtıń eń joqarı maqseti bolǵan Baxıtqa erisiw bolsa ruwx járdeminde jetiklikke jetkizedi.

Bul búgingi kún ushın da áhmiyetli tezis bolıp esaplanadı. Ruwxıy jetikliktiń jámiyettiń ádep ikramlıq sharayatına unamlı tásirin asırıw ushın insandı aqılıy hám ruwxıy jaqtan teń rawajlandırıw lazım boladı.

Ekinshi filosof Immanuil Kant jaqsılıq ideyası járdeminde insanda isenim hám erkinlik qádiriyatına tiykarlanǵan ruwxıy jetiklikti qáliplestiriw, onıń járdeminde —ádep ikramlı jámiyet qurıw koncepciyasın usınadı.[3] Onıń pikirinshe salamat isenim insanda sadıqlıq hám rasgóylik pazıyletlerin payda etedi, bul pazıyletler adamdı salamat pikirli bolıwǵa alıp keledi, salamat pikirli adamlardıń óz ara qatnasıǵı mazmunlı boladı. Demek, insan tek ǵana salamat pikir menen ǵana jaqsı qatnasıqlarǵa kirise alıwı múmkin, keri jaǵdayda jámiyet turmısı ádep ikramlı bolmaydı. Bunıń ushın insanda eki sıpat ústinlikke iye bolıwı kerek. 1. Ózin tuta biliwi 2. Jaratıwshılıq. Bunıń mánisi sol, insan maqsetke muwapıqsız islerden, tileklerden, háreketlerden hám basqalardıń máplerine zıyan keltiriwden ózin tıyadı. Kerisinshe ózi hám ózgeler erkinligin jaratadı. Demek hár bir insan ruwxıy jetiklikke erisiw ushın jámiyet talaplarına maslasıp barıwı kerek. Insan ádep ikramlıq jetikligi ondaǵı jaman qılıqlardıń, unamsız illetlerdiń joq bolıp barıwı menen baylanıslı. Ol ózin qanshelli basqarıp, aqıl hám ádep ikramlılıqqa tiykarlanǵan sayın sonshelli hadallıqqa, aqıllılıqqa, insanıylıqqa erisedi. Kant jámiyet ádep ikramlıq sharayatın buzıwshı illetlerge qarsı ruwxıy jetik insanlardıń ruwxıy ádep ikramlıq pazıyletlerin qarsı qoyıwdı usındı.

Shaxs ruwxıy jetikliginiń jámiyettiń ruwxıy ádep ikramlıq sharayatına tásiri máselesinde tájiriybege tiykarlanǵan paradigmalar bar. Bul boyınsha biz Farabiy hám Kant koncepciyalarınan búgingi kúnde paydalanıw múmkin dep esaplaymız.

---

[2] Абу Наср Фарабий. Фазилат, бахт-соадат ва камолот ҳақида. Т. —Ёзувчи‖, 2001, 12-б

[3] И.Кант. Лекции по этике (1780-1782) Этическая мысль. Научно-публицистические чтения. Тексты, М., —Ипл‖,1990, 297-322 б639

Shaxstıń ruwxıy jetikliginin jámiyettiń ruwxıy ádep ikramlıq sharayatına tásiri nátiyjesinde jámiyette jańa túsinikler, ideyalar, pikirler hám ádep ikramlıq ólshemleri payda boladı.

Juwmaqlap aytqanda ruwxıy jetik shaxslar óz tásiri arqalı jámiyettiń ádep ikramlıq sharayatınıń jetilisip barıwında múnásip orın iyelep, insanlardıń civilizaciyalanǵan jámiyetke umtılıwın kúsheytedi. Yaǵnıy ruwxıy jetik shaxs jámiyettiń rawajlanıwına óz ideyası, pikiri hám ámeliyatı menen tásir etedi. Bul tásir kólemin durıs ańlap jetiw puqaralıq jámiyetin rawajlandırıwda ruwxıy jetik shaxslardan ónimli paydalanıwǵa alıp keledi. Sonday qılıp, ruwxıy jetik shaxs puqaralıq jámiyetin rawajlandırıwda tásir etiwinde tómendegi ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı.

Birinshiden, ruwxıy jetik shaxs jámiyette insanlardı kámillikke jetkiziw, ulıwmainsanıy pazıyletlerge iye insanlardı tárbiyalawda ideyalıq, ádep ikramlıq hám ámeliy tárepten úlgi boladı.

Ekinshiden, ruwxıy jetik shaxs insanǵa ózligin tanıtıw arqalı jámiyet ádep ikramlıǵın normalastıradı, olardı isenimge iye etip tárbiyalaydı, jámiyet aǵzaların sociallıq, ádep ikramlıq tárepten belsendilikke shaqıradı. Ruwxıy jetik shaxslardıń jámiyet rawajlanıwına tásiri haqqında bir neshe tájiriybege iye paradigmalardıń ishinde Abu Nasır Farabiydiń ―pazıl jámiyet hám Immanuil Kanttıń ―ádep ikramlı jámiyet‖ koncepciyaları insandı hám aqılıy hám ruwxıy tárepten rawajlandırıw menen ǵana jámiyetti baxıtqa baǵdarlaw názerde tutılǵan.

Úshinshiden, ruwxıy jetik shaxs jámiyetttiń ádep ikramlılıq sharayatın salamatlastırıp barıwshı pazıyletler sistemasın usınadı hám jámiyetti buzǵınshı illetlerden saqlawshı immunitetti qáliplestiredi.

## REFERENCES

1. Абу Наср Фарабий. Фазилат, бахт-соадат ва камолот ҳақида. Т. ―Ёзувчи‖, 2001, 12-б
2. Абу Наср Фарабий. Фазилат, бахт-соадат ва камолот ҳақида. Т. ―Ёзувчи‖, 2001, 12-б
3. З.И.Кант. Лекции по этике (1780-1782) Этическая мысль. Научно-публицистические чтения. Тексты, М., ―Ипл‖,1990, 297-322 бб39
4. Н.А.Бердяев. Философия свободы. М. ―Проспект‖, 2004

Internet saytlari:

5. 1.uz.m.wikipedia.org
6. www.ziyonet.uz
7. www.adolat.uz/